# QARAQALPAQ TILIN OQÍTÍW METODIKASÍ BOYÍNShA IZERTLEWLER

**Karamatdinova Gawhar Tayırovna –** *tayanısh doktorant*
gawhartayirovna@gmail.com
*Ájiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

# ИССЛЕДОВАНИЯ ПО МЕТОДИКЕ ПРЕПОДАВАНИЯ КАРАКАЛПАКСКОГО ЯЗЫКА

**Караматдинова Гаухар Таировна** – *базовый докторант*
*Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза*

# RESEARCH ON KARAKALPAK LANGUAGE TEACHING METHODOLOGY

**Karamatdinova Gauhar Tayirovna** – *doctoral student*
*Nukus State Pedagogical Institute named afterAjiniyaz*

**Tayanch so‘zlar:** metodika, ta’lim sifati, "4K" ko‘nikmalari, innovatsion texnologiyalar, leksikologiya, so‘z ma’nosi, lingvistik kompetensiya.

**Rezyume.** Maqolada qoraqalpoq tili o‘qitish metodikasining shakllanish tarixi va rivojlanish bosqichlari tahlil qilingan. Muallif qoraqalpoq tili metodikasining dastlabki manbalarini mumtoz shoir-mutafakkirlar ijodidan tortib, bugungi kunning zamonaviy tendensiyalarigacha tadqiq etgan. Shuningdek, so‘z ma’nolarini o‘rganish metodikasini takomillashtirish va o‘qitishda innovatsion texnologiyalarni qo‘llash masalalari muhokama qilingan.

**Ключевые слова:** методика, качество образования, навыки "4K," инновационные технологии, лексикология, значение слов, лингвистическая компетенция.

**Резюме.** В статье анализируется история формирования и этапы развития методики преподавания каракалпакского языка. Автор исследовал ранние источники методики каракалпакского языка, начиная с произведений классических поэтов и мыслителей и заканчивая современными тенденциями. Также были обсуждены вопросы совершенствования методики изучения значений слов и применения инновационных технологий в преподавании.

**Key words:** methodology, quality of education, "4K" skills, innovative technologies, lexicology, word meaning, linguistic competence.

**Summary.** The article analyzes the history of formation and stages of development of Karakalpak language teaching methodology. The author studied the primary sources of Karakalpak language methodology, from the works of classical poets and thinkers to contemporary trends. Furthermore, issues of improving the methodology for learning word meanings and applying innovative technologies in teaching were discussed.

**Kirisiw.** Jáhán bilimlendiriw mákemelerinde til úyreniwdiń hám úyretiwdiń kreativ modelleri hám de kreativ texnologiyaları bilimlendiriw procesine engizilmekte. Til – xalıqtıń tiykarǵı milliy biybaha bayıǵı. Til arqalı hárbir xalıq siyasiy, ekonmikalıq, mádeniy jaqtan rawajlanadı, úrp-ádet dástúrlerin saqlap qaladı. Tildıń ómir súriwi jámiyet penen birge ámelge asadı. Sebebi jámiyetlik turmısta bolıp atırǵan ózgerisler eń dáslep tilde óz kórinisin tabadı. Tildi úyreniwde til iliminiń eń quramalı intensiv metodların islep shıǵıw máselelerine úlken itibar qaratıp kelinbekte hám til oqıtıw metodları úzliksiz rawajlandırılımaqta. Prezidentimiz Shavkat Mirziyoyev 2022-jıl 29-dekabr kúni Xalıqaralıq kongress orayında “Tálim sapasın asırıw – Jańa Ózbekistan rawajlanıwınıń birden-bir tuwrı jolı! temasındaǵı zamanagóy sabaqlıqlar kórgizbesinde: “XXI ásir adamı ushın eń zárúr bolǵan “4K” kónlikpesi boyınsha islep shıǵılǵan (kritikalıq pikirlew, kreativlik, kollaboraciya, kommunikaciya) kónlikpeler, oqıwshılarda sın pikirlew, dóretiwshik qatnas, jámáátte islew hám qarım-qatnas kónlikpelerin qáliplestiriw” máselelerine óz aldına itibar beriw kerekligi hám “...sabaqlıqlar qurǵaq maǵlumatlardı yadlatıw yamasa ápiwayı oqıw-jazıwdı úyretiw menen sheklenbewi, olar arqalı oqıwshılar tek ǵana pánlerdi emes, al XXI ásirde zárúr bolǵan turmıslıq kónlikpelerdi de úyreniwi kerek” [1], – degen pikiri ana tilin oqıtıwǵa bolǵan metodikalıq talaplardı jetilistiriw sonday-aq búgingi kúnde ilimge tereńirek jantasıwdı belgilep beredi.

Hár bir jas áwlad aldında insaniyat jaratqan barlıq baylıqlardı, bilimlerdi úyreniw tiykarǵı wazıypa esaplanadı. Qaraqalpaq tili oqıtıw metodikasınıń payda bolıwın, rawajlanıw basqıshların úyreniw áhmiyetli izertlew baǵdarlarınıń biri ekenliginen derek beredi.

**Metodlar.** Maqalanı tayarlawda uzaq tariyxıy dáwirlerdiń metodikalıq qarasları hám zamanagóy tálim standartları analiz etildi. Izertlew barısında bibliografiyalıq klassifikaciya hám teoriyalıq ulıwmalastırıw metodları qollanıldı. Ábu Nasr Farabiy, Álisher Nawayı, Ájiniyaz hám Berdaq sıyaqlı oyshıllardıń metodikalıq pikirleri dáslepki derek retinde alındı.

**Ádebiyatlar analizi.** Qaraqalpaq tili metodikası salasındaǵı tiykarǵı izertlewler E.Berdimuratov, Q.Piriniyazovlar [4] qaraqalpaq tili pánniń predmeti, wazıypaları hám tildi sistemalı úyreniw máseleleri, B.Qutlımuratov [10] logikalıq oylawdı rawajlandırıw, grammatika hám morfologiyanı oqıtıw metodları, A.Nasrullaev, Q.Qojanazarov [11] V-IX klass ana tili muǵallimlerine metodikalıq járdem hám sabaq strukturaları, R.Usnatdinova [17] ana tili 5-klaslarında sabaq barısı, maqseti hám dóretiwshilik jol-jobalar, sonday-aq, Sh.Allaniyazova, J.Táńirbergenov [3] qaraqalpaq tilin oqıtıwda zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw jolları miynetlerinde sáwleleniwin tapqan.

**Talqılaw.** Qaraqalpaq tili metodikasınıń rawajlanıwı dáslepki klassikalıq metodlardan baslap búgingi kúnniń innovaciyalıq texnologiyalarına shekemgi quramalı joldı basıp ótti. Izertlewimiz kórsetkenindey, tildi oqıtıwda tek grammatikalıq qaǵıydalardı yadlatıw emes, al oqıwshınıń sóylew kónlikpesin rawajlandırıw hám sóz mánilerin tereń túsiniwi tiykarǵı orınǵa shıqpaqta.

Leksikologiya bólimin oqıtıwda oqıwshılardıń sóz baylıǵın asırıw – metodikanıń eń áhmiyetli tarawlarınıń biri esaplanadı. N.I.Bekiniyazovtıń izertlewleri kórsetkenindey, baslanǵısh klaslarda predmet belgisin bildiretuǵın sózlerdi úyreniw oqıwshınıń logikalıq oylawın rawajlandırıwdıń dáslepki basqıshı bolıp tabıladı.

Sóz mánileri ústinde islewde tómendegi baǵdarlar áhmiyetli:

*Sinonimiya hám omonimiyanı oqıtıw:* Oqıwshı sózdiń mánilik ózgeliklerin túsiniwi arqalı óz pikirin anıq hám kórkem jetkere alıw imkaniyatına iye boladı.

*Kontekstual jantasıw:* Sóz mánilerin tekst yamasa kórkem shıǵarmadan úzindi keltiriw arqalı úyreniw, oqıwshınıń sózlik quramın bayıtıwda eń nátiyjeli usıl retinde qaraladı.

*Innovaciyalıq texnologiyalar hám zamanagóy miynetler:* Keyingi jıllarda qaraqalpaq tili metodikasına jańasha jantasıwlar engizilmekte. Ásirese, A.Q.Pirniyazova hám S.J. Shınnazarovanıń «Házirgi ádebiy til (leksikologiya) di oqıtıwda innovaciyalıq usıllar» miyneti búgingi kún muǵallimleri ushın áhmiyetli qollanba bolıp xızmet etpekte [14]. Bul baǵdardaǵı jańalıqlar tómendegilerdi óz ishine aladı:

*Joybarlaw metodı:* «Qaraqalpaq tilin oqıtıw texnologiyaları hám joybarlastırıw» miynetinde kórsetilgenindey, oqıwshılarǵa konkret tema boyınsha joybarlar beriw arqalı olardıń dóretiwshilik belsendiligi arttırıladı.

*Ámeliy kónlikpeler:* E.Allanazarov hám basqalardıń «Ana tili praktikumi» miyneti studentlerdiń lingvistikalıq bilimlerin ámeliyatta qollana alıw kónlikpelerin jetilistiriwge baǵdarlanǵan.

*Professional tálim:* A.Q.Pirniyazovanıń 2023-jılǵı miynetinde joqarı tálimde qánigelik pánlerdi oqıtıwdıń metodikalıq sisteması islep shıǵılǵan bolıp, bul keleshek muǵallimleriniń sapalı tayarlanıp shıǵıwına tiykar boladı.

Sóylew tilin rawajlandırıw hám "4K" kónlikpeleri.

Házirgi dáwir metodikasınıń baslı maqseti – oqıwshılarda kommunikativlik kompetenciyanı qáliplestiriw. M.Kabulovanıń V-IX klaslarda awızeki hám jazba sóylewdi rawajlandırıw boyınsha izertlewleri bul máselede úlken áhmiyetke iye. Prezident Sh.Mirziyoyev tárepinen alǵa qoyılǵan "4K" kónlikpeleri (kritikalıq pikirlew, kreativlik, kollaboraciya, kommunikaciya) búgingi ana tili sabaqlarınıń tiykarǵı ólshemi bolıwı tiyis. Bul degeni:

- Oqıwshı tekstti tek oqıp qoymastan, onıń mánisin kritikalıq analiz etip úyrenedi;
- Jámáátte islew (kollaboraciya) arqalı pikir almasıw kónlikpeleri rawajlanadı.

Talqılawımız kórsetkenindey, qaraqalpaq tili metodikası tarawında islengen miynetler (E.Berdimuratov, Q.Piriniyazov, B.Qutlımuratov hám t.b.) búgingi kúnniń innovaciyalıq metodları ushın bekkem tiykar bolıp xızmet etpekte.

**Sońǵı dáwirdegi izertlewler.** Respublikamızdıń bilimlendiriw sistemasında ana tilin oqıtıw sapasın jańa basqıshqa kóteriw maqsetinde sońǵı on jıllıqlarda bir qatar dissertaciyalıq izertlewler ámelge asırıldı. Bul izertlewler qaraqalpaq tili metodikasınıń tek grammatikalıq emes, al lingvodidaktikalıq, kompetentlik hám kommunikativlik baǵdarların ilimiy tiykarlap berdi.

Baslawısh klass oqıwshılarınıń til baylıǵın qáliplestiriwde N.I.Bekiniyazovtıń izertlewi dáslepki fundamental qádemlerden biri boldı. Avtor predmet belgisin bildiretuǵın sózler mısalında balalardıń leksikasın bayıtıw mexanizmleriniń ilimiy-teoriyalıq tiykarların islep shıqtı [5]. Bul baǵdar keyingi jıllarda A.D.Najimova tárepinen dawam ettirilip, ana tili sabaqlarında oqıwshılardıń sóylewin ósiriwge baǵdarlanǵan arnawlı shınıǵıwlar dizimi islep shıǵıldı [12]. Sonday-aq, A.A.Embergenova tárepinen baslawısh klasslarda imla sawatqanlıǵın jetilistiriw metodikasınıń analiz etiliwi, oqıwshılardıń jazba sawatlılıǵın zamanagóy talaplar tiykarında qáliplestiriwge xızmet etti [7].

Tálim basqa tillerde (rus, ózbek, qazaq ) alıp barılatuǵın mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw máseleleri de ilimpazlardıń dıqqat orayında boldı. G.Jumasheva eki tillilik sharayatında oqıwshılardıń sóylesiw kónlikpelerin qáliplestiriwdiń metodikalıq sistemasın islep shıqtı [8]. Bul baǵdar G.Bekimbetova tárepinen jáne de tereńlestirilip, qaraqalpaq tilin oqıtıwdıń zamanagóy mexanizmleri jetilistirildi [6].

Búgingi kúnniń eń áhmiyetli ilimiy jańalıqlarınan biri – oqıtıwda kompetentlik jantasıwdıń ilimiy tiykarlanıwı bolıp tabıladı. D.B.Seytkasimovtıń miyneti filolog-studentlerdiń lingvistikalıq kompetenciyasın jetilistiriwge baǵdarlanǵan bolıp, bul keleshek muǵallimleriniń kásiplik dárejesiniń kepili esaplanadı [16]. M.Kabulova tárepinen V-IX klaslarda oqıwshılardıń awızeki hám jazba sóylewin rawajlandırıw metodikasınıń islep shıǵılıwı bolsa, orta mektep pitkeriwshilerinde "4K" kónlikpelerin (kritikalıq pikirlew, kommunikaciya hám b.) qáliplestiriwge xızmet etedi [9].

Bul izertlewler qaraqalpaq tili metodikasın XXI ásir talaplarına beyimlestiriwde, tálim mazmunın jetilistiriwde hám ana tilin oqıtıwdı jańa sapa basqıshına alıp shıǵıwda ayrıqsha orın iyeleydi. Bul ilimiy izertlewlerdiń nátiyjeleri házirgi dáwirde jańa áwlad sabaqlıqların jaratıwda metodikalıq tiykar bolıp xızmet etpekte.

**Juwmaq.** Qaraqalpaq tili metodikasınıń qáliplesiw tariyxı hám házirgi rawajlanıw baǵdarların úyreniw, bul tarawdıń uzaq dawamlı hám mazmunlı rawajlanıw jolın basıp ótkenin kórsetedi. Dáslepki metodikalıq tiykarlar búgingi kúnde sapa jaǵınan ózgeriske ushırap, bilimlendiriw sistemasına innovaciyalıq texnologiyalardıń keńnen kirip keliwi menen bayıdı. Keleshekte qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikasınıń nátiyjeliligin arttırıw ushın sabaqlıqlardıń metodikalıq quramın sóylewdi rawajlandırıwǵa xızmet etetuǵın modeller tiykarında qolaylastırıw, eń áhmiyetli wazıypalardıń biri bolıp esaplanadı. Sonıń menen birge, leksikologiya bólimin oqıtıwda oqıwshılardıń sóz baylıǵın arttırıw ushın interaktiv elektron platformalar hám mobil qollanbalar sıyaqlı sanlı bilimlendiriw resursların engiziw dáwir talabına aylandı. Eki tillilik sharayatında yamasa bilimlendiriw basqa tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde qaraqalpaq tilin «intensiv qatnasıq tili» sıpatında oqıtıwdıń jańa didaktikalıq mexanizmleriniń islep shıǵılıwı tildiń mámleketlik til sıpatındaǵı abırayın jáne de bekkemleydi. Qaraqalpaq tili metodikası tariyxıy tájiriybe menen zamanagóy innovaciyalardıń integraciyası tiykarında rawajlanıwı shárt. Bul baǵdardaǵı ilimiy izertlewlerdi ámeliyatqa keńnen engiziw keleshek áwladtıń óz ana tilin tereń ózlestiriwine, sóylew mádeniyatına iye bolıwına hám milliy qádiriyatlardıń saqlanıwına bekkem tiykar boladı.

## Ádebiyatlar

1. Ўзбекистон Республикаси Президенти Ш.Мирзиёевнинг Олий Мажлис ва Ўзбекистон халкига Мурожаатномаси. 20.12.2022.
2. Allanazarov E., Pirniyazova A., Iskenderova E. Ana tili praktikumi. – Tashkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
3. Allaniyazova. Sh., Táńirbergenov. J Qaraqalpaq tilin oqıtıwda innovaciyalıq texnologiyalar. (Oqıw qollanba). – Nókis: «Bilim», 2015.
4. Berdimuratov E., Piriniyazov Q. Orta mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikası. – Nókis: «Qaraqalpaqstan», 1988.
5. Бекниязов Н.И. Таьлим қорақалпоқ тилида олиб бориладиган мактабларнинг бошланғиш синфларида ўқувчилар сўз бойлигини ошириш бойлигини ошириш (предмет белгисини билдирган сўзлар мисолида) Пед фан ном., пис, автореф. – Тошкент: 1998.
6. Bekimbetova G. Tálim basqa tillerde alıp barılatuǵın mekteplerde qaraqalpaq tilin oqıtıw metodikasın jetilistiriw. Ped, fan, dokt... diss. – Nókis: 2024.
7. Embergenova A.A. Boshlang‘ich sinf ona till darslarida o‘quvchilarning imlovly savodxonligini takomillashtirish metodikasi (ta'lim qoraqalpoq tülida olib boriladigan maktablar misolida). Ped.fan (PhD), dokt., diss, avtoref. – Nukus: 2023.
8. Жумашева Г. Икки тиллилик шароитида коракалпок тилида сўзлашиш кўникмаларини шакллантириш (таълим рус тилида олиб бориладиган мактабгача таълим ташкилотларида ва умумтаълим мактабларининг бошланғич синфларида). Пед. фан. докт... днес. автореф. – Нукус: 2021.
9. Kabulova M. Qaraqalpaq tili hám ádebiyatın oqıtıwda oqıwshılardıń awızeki hám jazba sóylew tilin rawajlandırıw metodikası. Ped. Fan. dokt... diss. avtoref. – Nókis: 2024.
10. Қутлымуратов. Б. Қарақалпақ тилин оқытыўдың айырым мәселелери. – Нөкис: «Билим», 1992.
11. Насруллаев Ә., Қожаназаров Қ. Қарақалпақ тили сабағын көрсетпели оқытыў мәселелери. – Нөкис: «Билим», 1991.
12. Нажимова А.Д. Она тили дарсларида ўқувчиларнинг нуткини ўстиришга хизмат килувчи машклар тизими (таълим коракалпоқ ва ўзбек тилларида олиб бориладиган бошланғич синфлар мисолида): Пед фан. (PhD). док... дисс. автореф. – Нукус: 2022. конструированию предложений на уроках каракалпакского языка в начальных классах школ с русским языком обучения: Автореф. дис... канд. пед. наук, –Нукус: 2002.
13. Pirniyazova A., Piriniyazov Q., Bekniyazov K. Baslawısh klaslarda ana tilin oqıtıw metodikası. – Tashkent: «Sano-standart», 2018.
14. Pirniyazova A.Q., Shınnazarova S.J. Házirgi ádebiy til (leksikologiya)di oqıtıwda innovaciyalıq usıllar. – Toshkent: «Tafakkur avlodi», 2020.
15. Pirniyazova A.Q. Joqarı hám professional tálimde qánigelik pánlerdi oqıtıw metodikası. – Nókis: «Avangard-baspa», 2023.
16. Seytkasimov D.B. Filolog-talabalarning lingvistik kompetensiyasini takomillashtirish metodikasi (qoraqalpoq tili va adabiyoti yo‘nalishi talabalari misolida): Ped. Fan. dokt... diss. avtoref. – Nukus: 2023.
17. Уснатдинова Р. Ана тили сабақлығына методикалық көрсетпелер. – Нөкис: «Билим», 1994.